



N AP VOYE YON DOKIMAN TAKS ENPÒTAN POU OU

Oumenm oswa yon fanmi ou te resevwa èd pou peye asirans sante nan ane 2017 lan epi ou bezwen fòm sa a pou reklamasyon taks federal ou

Oumenm oswa yon fanmi ou te resevwa èd pou peye pou plan sante ou te achte nan NY State of Health ane pase. Li te vini sou fòm yon kredi nan taks yo te bay "davans" ou te ranpli fòm taks ou sa vle di, *lè ou te enskri nan plan sante ou*. Poutèt sa, IRS mande w pou depoze yon fòm taks sou revni federal ansanm ak Fòm IRS 8962 pou regle kont taks ou pou 2017. Ou ka jwenn Fòm 8962 nan **www.irs.gov** epi pou pral itilize Fòm 1095-A ki vini ak lèt sa a pou ranpli li..

ÈD LA TE BAZE SOU REVNI OU

Kantite lajan kredi nan taks ou te resevwa davans la te baze sou revni estime fanmi ou ak enfòmasyon ki te disponib lè ou te enskri a. Lè ou fin ranpli fòm IRS 8962 a, prim total kredi nan taks ou pral baze sou vrè revni ou ak pri dezyèm plan ajan ki pi bon mache nan konte ou abite a.

Si prim total kredi nan taks ou ki sou fòm IRS 8962 a pi piti pase prim kredi nant aks ou te resevwa davans la, ou ka oblije remèt kèk nan kredi nan taks la sou fòm plis taks oswa yon ranbousman ki pi piti.

Si prim total kredi nan taks ou ki sou fòm IRS 8962 a plis pase prim kredi nant aks ou te resevwa davans la, ou ka jwenn plis lajan sou fòm yon ranbousman ki pi gwo oswa taks ki pi piti.

LI ENPÒTAN POU OU POU KONNEN...

POU KISA OU KA JWENN FÒM YO

W ap resevwa yon Fòm 1095-A pou chak plan sante Bwonz, Ajan, Lò oswa Planin ou menm oswa yon fanmi ou enskri pandan 2014. Ou pral jwenn plis pase yon Fòm 1095-A si ou te gen chanjman nan pwoteksyon Eta New York ou a pandan 2017. Yo pa voye Fòm 1095-A pou plan Katastwòfik oswa pou Medicaid, Child Health Plus, oswa Plan Esansyèl la paske plan sa yo pa kalifye pou kredi nan taks.

Anplis Fòm 1095-A, li posib pou ou jwenn lòt fòm taks enpòtan. Fòm sa yo se **Fòm 1095-B ak 1095-C**.

**POU KISA OU
KA JWENN
FÒM YO**
kontinye

Si oumenm oswa yon manm fanmi ou te enskri nan Medicaid, nan Child Health Plus, oswa Plan Esansyèl la nan New York nan yon moman nan ane 2017 lan, w ap resevwa Fòm 1095-B nan Eta New York. Si ou te enskri nan lòt kalite pwoteksyon yo tankou plan ki Koute Chè Anpil, Pati A oswa C Medicare, TRICARE, avantaj nan Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs), oswa sèten asirans sante patwon ou kotize, w ap resevwa Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C nan lòt sous yo. NY State of Health bay sèlman Fòm 1095-A epi yo pa bay Fòm 1095-B oswa Fòm 1095-C.

**FASON POU
JWENN ÈD**

Si ou panse nou te fè yon erè sou Fòm 1095-A ou a, rele NY State of Health **san pèdi tan nan nimewo 1-855-766-7860** pou nou kapab korije dosye a.

Si ou gen kesyon sou Fòm 1095-A oswa sou kredi nan taks, PTC, **ale sou sitwèb <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>** oswa **rele Liy Èd Defansè Sante Kominote (Community Health Advocate) nan nimewo 1-888-614-5400.**

Si ou gen yon kesyon konsènan fòm taks 1095-B oswa 1095-C ou te ka resevwa, rele nimewo ki endike sou fòm sa yo.

Si ou gen kesyon konsènan Fòm 8962 oswa si ou gen lòt kesyon ki konsène taks, ale sou sitwèb **www.irs.gov**.

AVI KONSÈNAN REGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

NY State of Health konfòme li ak lwa konsènan dwa sivik federal ki aplikab yo, epi li pa diskrimine sou baze ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj oswa andikap nan pwogram ak aktivite sante li yo.

NY State of Health konfòme ak lwa eta ki anvigè epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks/pèsekisyon seksyèl, eta sitasyon familyal, andikap, kazye jidisyèl, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sitiyanasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

NY State of Health:

Ofri èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominike byen avèk nou, tankou:

- TTY nan NY Relay Service
- Ekri enfòmasyon nan lòt fòm tankou gran lèt, odyo, fòm aksesib elektwonik ak lòt fòm

Ofri sèvis asistans lang gratis pou moun ki pa pale angle tankou:

- Entèprèt kalifye
- Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo oswa pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte 1-855-355-5777 (TTY 1-800-662-1220).

Si ou kwè NY State of Health te fè diskriminasyon kont ou, ou ka depoze yon plent nan http://www.health.ny.gov/regulations/discrimination_complaints/ oswa rele 518-473-1703 oswa 518-473-7883.

Epitou ou ka depoze yon plent konsènan dwa sivil ak Depatman Sèvis Moun ak Sèvis Sosyal, Biwo Dwa Sivil, pa mwayen elektwonik nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa lapòs oswa telefòn bay U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, SW, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201; 800-368-1019 (TTY 800-537-7697). Toulède fòm yo disponib nan sitwèb hhs.gov/ocr/office/file/index.html.